



# Mwen ansent. Èske m ta dwe pran vaksen kont COVID\*?

(I'm pregnant. Should I get a COVID\* vaccine?-Haitian Creole)

\*Enfòmasyon ki la yo konsène vaksenkont Covid-19  
*Pfizerak Moderna*. Yo rele yo tou vaksen "mRNA"  
(Asid Ribonikleyik Mesaje, ARNm).

Pou pifò moun, pran vaksen kont COVID la pi bonè yo kapab se chwa  
ki pi sekirité a.

Menmsi, yo poko teste vaksen sa yo sou fi ki ansent epi ki  
ap bay tete.

Enfòmasyon anba yo ap ede w fè yon chwa ou konprann konsènan  
posibilité pou resevwa yon vaksen COVID ak Asid Ribonikleyik  
mesaje pandan ou ansent oswa ap eseye ansent.

## Opsyon w yo:



Jwenn yon vaksen  
COVID nan moman  
li disponib la



Tann plis  
enfòmasyon  
konsènan vaksen yo  
pandan w ansent la.

## Ki avantaj ki genyen lè w pran yon vaksen COVID ak Asid Ribonikleyik mesaje?

### 1. COVID la danjere. Li *pi* danjere pou moun ki ansent.

- Pasyan ansent ki gen COVID gen 5 fwa plis chans pou yo ale nan Inite Swen Entansif (intensive care unit, ICU) oswa anba respiratè pase pasyan ki pa ansent yo.<sup>1</sup>
- Nesans premature ka fèt pi souvan kay moun ansent ki soufri avèk COVID grav.<sup>2</sup>
- Moun ansent yo gen plis chans pou yo mouri ak COVID pase moun ki pa ansent ki gen COVID ki gen menm laj la.<sup>3,4</sup>



### 2. Vaksen COVID ak Asid Ribonikleyik mesaje anpeche anviwon 95% enfeksyon COVID yo.

- Plis enfeksyon ak COVID ap ogmante nan kominote nou yo, risk pou pran COVID ap ogmante tou.

- Lè w pran vaksen an sa ap evite w pran COVID epi ka anpeche w bay lòt moun ki nan antouraj ou COVID, tankou fanmi w.

### 3. Vaksen COVID ak Asid Ribonikleyik pa kapab ba w COVID.

- Vaksen sa yo pa gen okenn viris vivan.<sup>5</sup>
- Vaksen sa yo PA gen engredyan yo konnen ki ka nui moun ki ansent yo oswa fetis la.
- Yo bay plizyè vaksen regilyèman pandan gwo sès la epi yo sekirité (pa egzanp: tetanòs, difteri, ak grip).

W ap jwenn plis detay sou kòman vaksen sa yo fonksyone nan paj 5.

## Ki risk ki genyen lè w pran yon vaksen COVID ak Asid Ribonikleyik?

### 1. Yo pokote teste vaksen COVID sa yo kay moun ansent.

- Yo teste vaksen sa yo sou plis pase 40,000 moun, e yo pa t konstate okenn efè sekondè grav ki gen rapò ak vaksen an.
- Nou pa konnen si vaksen yo mache byen sou moun ki ansent jan yo fè l sou moun ki pa ansent yo.
- Nou pa konn si gen enkonvenyan ki la sèlman pou moun ki ansent yo, tankou differan efè sekondè oswa yon ris foskouch oswa anomalie nan fetis la ki ogmante.
- Yo te teste vaksen Moderna sou femèl rat pou gade efè yo sou gwo sès la. Yo pa t konstate okenn efè negatif sou fètilite fi oswa developman fetis la.
- Kèk fi konn vinn ansent pandan etid sou vaksen an. Dizuit (18) nan fi sa yo te nan gwo up vaksinasyon an epi de (2) mwa apre okenn nan yo pa t fè yon foskouch. Te gen disèt (17) fi nan gwo up placebo a ki te vin ansent, epi de (2) mwa apre de (2) nan yo te fè yon foskouch. (Anjeneral, 10 jiska 20% gwo sès yo fini ak yon foskouch)
- Paske etid sa yo toujou ap kontinye, nou pa konnen kòman rès gwo sès la ap kontinye pou fi sa yo.



### 2. Moun ki pran vaksen sa yo ap pwobableman gen kèk efè sekondè.

- Anpil moun te gen sentòm akòz repons sistèm iminitè yo ak vaksen an. Efè sekondè ki te rive pi souvan yo se:<sup>6</sup>
  - reyakson kote yo fè enjeksyon an tankou yon doulè nan bra (~84%)
  - fatig (~62%)
  - tèt fè mal (~55%)
  - doulè nan misk (~38%)
  - frison (~32%)
  - doulè nan jwenti (~24%)
  - lafyèv (~14%)
- Sou 100 moun ki pran vaksen an, 1 ap gen yon gwo lafyèv (plis pase 102°F). Yon lafyèv ki ap pèsiste pandan premye trimès la ka ogmante risk pou yon anomalie nan fetis la oswa foskouch. Sant pou Kontwòl Maladi (Center for Disease Control, CDC) a rekòmande pou pran Tylenol (asetaminofèn) pandan gwo sès la si w gen gwo fyèv. Yon lòt opsyon se fè yon kanpe sou vaksen COVID la jiskaske premye trimès la fini.

## Ki rekòmandasyon ekspè yo?

Kòm Covid la danjere epi pwopaje byen fasil, Sant pou Kontwòl Maladi di yo rekòmande pou adilt yo vaksen ak Asid Ribonikleyik mesaje pou Covid-19.<sup>7</sup>

Men, kòm poko gen etid sou moun ki ansent yo, pa gen rekòmandasyon ki klè pou moun ansent yo. Se sa a ki estanda pou yon novo medikaman men se pa poutèt gen yon enkyetid patikilye avèk vaksen sa a.

Sosyete Medsin pou Fetis-Matènèl (Society for Maternal-Fetal) rekòmande anpil pou moun ki ansent yo gen aksè ak vaksen COVID yo. Yo rekòmande pou chak moun pale avèk doktè oswa fanmsaj yo konsènan chwapèsònèl yo.<sup>8</sup>

Kolèj Ameriken pou Obstetrisyen ak Jinekològ yo (American College of Obstetricians and Gynecologists) rekòmande pou yo pa refize moun ansent yo vaksen COVID la.<sup>9</sup>

## Sou ki lòt bagay m ta dwe panse pou ede m deside?

**1**

Asire w ou konprann pi plis ou kapab COVID ak vaksen an. Mande yon sous ki fyab, tankou fanmsaj oswa doktè ou an. Paj 5 la gen plis enfòmasyon konsènan vaksen an.

**2**

Reflechi sou pwòp risk pèsònèl ou.

Gade kolòn ki anba yo epi reflechi sou risk ou genyen pou ou pran COVID (agoch). Reflechi sou sekirite w - èske ou kapab rete an sekirite (adwat)?

Risk pou w vin malad ak COVID la pi wo si...

- Ou gen kontak avèk moun deyò lakay ou
- Ou gen 35 lane oswa pi plis
- Ou twò gwo
- Ou gen lòt pwoblèm medikal tankou dyabèt, tansyon wo, oswa maladi kè
- Ou konn fimen
- Ou se yon minorite rasyal oswa etnik, oswa kominote w gen yon enfeksyon ak COVID ki wo
- Ou se yon travayè k ap bay swen sante<sup>10</sup>

Si w gen pi gwo risk pouw pran COVID, li plis fè sans pou w pran vaksen an.

Si w pa gen gwo risk pou COVID epi...

- Ou toujou kapab mete yon mas
  - Ou menm ak moun w ap viv yo kapab kenbe yon distans sosyal youn ak lòt pandan tout gwosè la
  - Kominote w la PA gen ka COVID ki wo epi ki ap ogmante
  - Ou panse vaksen an li menm ap fè w nève anpil (ou plis enkyete w konsènan risk ou pa konnen yo pase w pran COVID)
  - Ou te gen yon reyakson alèjik grav ak yon vaksen
- ... li ka fè sans pou w vle tann plis enfòmasyon.

## Kisa ki konsène bay tête?

Sosyete Medsin pou Fetis-Matènèl epi Akademi Medsin pou Alètman (Academy of Breastfeeding Medicin) rapòte pa gen okenn rezon pou w kwè vaksen an afekte sekirite lèt manman an.<sup>8,11</sup> vaksen an pa gen viris la, donk pa gen risk pou Ilenfekte bebe w la. Paske Asid Ribonikleyik mesaje a frajil, li trè difisil pou nenpòt pati nan vaksen an rantre nan lèt manman an.

Lè nou gen yon enfeksyon oswa pran yon vaksen, kò nou pwodui antikò pou konbat enfeksyon an. Antikò yo kapab pase nan lèt manman an apresa ale nan bebe a - epi li ka ede evite enfeksyon.



## Rezime

1. COVID sanble lakòz plis domaj kay moun ansent yo pase kay moun ki nan menm laj ki pa ansent.
2. Yo konsidere risk ki genyen yo lè w pran yon vaksen ak Asid Ribonikleyik pandan gwo sès la fèb men yo pa enkoni nèt.
3. Ou ta dwe konsidere pwòp ris pèsònèl ou yo pou pran COVID. Si risk pèsònèl ou yo wo, oswa gen plizyè ka COVID nan kominate ou an, li pwobableman fè sans pou w pran yon vaksen pandan w ansent la.
4. Ou gen chwa pou w pran yon vaksen kont COVID pandan gwo sès la.

### Kisa doktè ki ansent yo panse?

*Nou konnen COVID la kapab terib pandan gwo sès la, epinou konnen vaksen an pa gen viris ki vivan. Map vanse sou twazyèm trimès mwen an epi map travay nan premye liy pou maladisa a, donk pou mwen chwa a klè, mwen gen lentansyon an premye nan liy la lè y ap kite m jwenn youn. (Doktè nan Depatman Ijans pou Fanm Ansent)*

*Mwen yon ti jan pa alèz pou m pran yon bagay ki poko teste sou moun ansent yo. Kòmansman gwo sès la se yon moman estresan, menm san yon nouvo vaksen enkoni. Donk, mwen te gade risk ak avantaj pou m pran l oswa pa pran l kòm yon travayè ki nan premye liy - avèk mwen menm, patnèm, ak doktè m yo. Nou te fini pa deside mwen dwe pran vaksen an. (Doktè nan Depatman Ijans pou Fanm Ansent)*

*Mwen gen 34 semèn epi mwen pral eseye pran vaksen an apre akouchman a, men pandan gwo sès la map kenbe. Yo te retire moun ki ansent yo nan etid yo epi, pandan tan sa mwen pa wè pasyan COVID nan travay la donk mwen santi ekspozisyon m pandan dezyèm vagsa a ap fèb. (Doktè ki ansent)*

*Mwen toujou ap bay bebe mwen an tete, epi mwen panse ak risk pou m ekspoze ti bebe mwen an ak lòt timoun yo epi patnè mwen an ak COVID pi enpòtan pase nenpòt risk teyork nouvo vaksen sa a ka genyen. Mwen deside pran vaksen an nenpòt lè li disponib. (Doktè Jinekològ/Obstetrisyen ki ap bay tete)*

**Èske w gen plis kesyon? Rele doktè ou oswa fanmsaj ou an pou pale sou pwòp desizyon pèsònèl ou.**

## Ou gen refleksyon sou zouti sa a?

Èske èd pou pran desizyon sa a te itil? Tanpri pran yon moman pou ba nou fidbak ou konsènan èd pou pran desizyon sa a nan

<https://is.qd/COVIDVac>

oswa pandan w ap eskane kòd QR ki anba a. Nou bezwen èd ou!



## Pale ak Sant Kontwòl Maladi a sou eksperyans ou avèk vaksen an.

Si w deside pran vaksen an, w ap jwenn yon "fèy enfòmasyon V-safe" avèk enstriksyon konsènan sitwèb ak aplikasyon V-safe la. Panse a enskri konsa n ap kapab pi byen konseye moun yo alavni.

## Plis enfòmasyon konsènan Vaksen COVID ak Asid Ribonikleyik mesaje

### Kòman vaksen COVID ak Asid Riboniklesik mesaje yo fonksyone?

- Vaksen kont COVID Pfizer ak Moderna yo se vaksen ak Asid Ribonikleyik Mesaje (Asid Ribonikleyik mesaje).
- Asid Ribonikleyik mesaje yo pa nouvo - kò nou plen avèk yo. Yo te etidye vaksen ak Asid Ribonikleyik yo pandan de deseni ki sot pase yo.
- Vaksen Asid Ribonikleyik mesaje yo imite fason viris yo fonksyone. Asid Ribonikleyik mesaje a tankou yon kat resèt ki rantre anndan kò w epi li fè yon resèt pandan yon ti tan. Resèt la se pou yon ti pati nan viris la (pwoteyin ak pwent).
- Lè pwoteyin ak pwent sa a lage nan selil yo, kò a rekonèt li tankou yon etranje epi sistèm iminitè a reponn. Repons iminitè sa a lakòz sentòm efè sekond (tankou doulè ak lafyèv) men mennen nan amelyorasyon iminite a.
- Asid Ribonikleyik mesaje a kraze byen vit, konsa li pa dire anpil tan.
- Se konsa tou lòt viris yo tankou viris rim la fonksyone – viris yo itilize kò nou ak selil yo pou fè pwoteyin yo. Apresa sistèm iminitè nou atake pwoteyin sa yo pou kenbe nou an sekirite.
- Pa gen okenn fason pou vaksen an bay moun COVID.<sup>5</sup>

### Kisa rechèch yo montre?

Esè vaksen ak asid ribonikleyik Pfizer ak Moderna te reyalize sou plis pase 30 000 moun chak (li gen ladan l'moun ki te pran plasebo a) epi yo te montre vaksen an diminye chans yon moun pou li pran COVID ak COVID grav. Nan chak etid, plis pase 15

ooo moun te pran vaksen an epi plis pase 15 000 moun te pran yon enjeksyon salin (plasebo).

- Apre yon (1) dòz, vaksen an parèt efikas a 50%. Apre 2 dòz, tou de (2) vaksen yo efikas a 95%.
- Pou n di l'yon lòt fason, **pou chak 100 moun ki te pran COVID nan gwoup plasebo a, se sèlman 5 moun ki te pran COVID nan gwoup vaksen avèk Asid Ribonikleyik mesaje yo.**
- Ka COVID grav yo te diminye nan tou de (2) gwoup vaksen avèk Asid Ribonikleyik mesaje a.
- Pa t genyen okenn enkyetid grav sou sekirite.

Itilizasyon yo prevwa: Se moun ki ansent ki la pou itilize èd pou pran desizyon sa a (ak moun ki prevwa pou yo ansent) ki ap panse pou yo pran vaksen COVID-19 la, menm jan ak founisè swen sante, epi zanmi ak fanmi yo. Se Shared Decision-Making (Pataje Desizyon ou pran an) *ki kreye l: Gwoup travay Vaksinasyon kont COVID pandan Gwosès la nan Lekòl Medsin nan Invèsite Massachusetts - Baystate (University of Massachusetts Medical School - Baystate). Gwoup sa genyen ekspè nan domèn Obsterik/Jinekoloji, Medsin Fetis-Matènèl, Pataje Desizyon ou pran an ak komunikasyon risk (Shared Decision-Making and risk communication), Medsin Ijans, ak rechèch aktyèl sou COVID-19. Keson yo dwe al jwenn Doktè Elizabeth Schoenfeld, [Elizabeth.Schoenfeld@bhs.org](mailto:Elizabeth.Schoenfeld@bhs.org). Fidbak konsènan itilite èd pou pran desizyon sa a ka ale nan sondaj la (gade lyen nan paj 5).*



**Èd pou pran desizyon sa a kapab repwodui epi distribiye san pèmisyon anplis.  
Vèsyon espanyòl ak ris yo disponib nan <http://foamcast.org/COVIDvacPregnancy>**

**Mizajou 28 Desanm 2020**

1. DeBolt CA, et al. Fi ansent ki gen COVID-19 ki grav oswa kritik te gen yon mòbidite konpozit ki ogmante konpare ak temwen gwoup kontwòl ki koresponn yo ki pa ansent. Am J Obstet Novanm 2020 doi: [10.1016/j.ajog.2020.11.022](https://doi.org/10.1016/j.ajog.2020.11.022)
2. Adhikari EH, et al. Rezulta gwosès pamì fi ki genyen afi ki pa genyen enfeksyon ak coronavirus 2 ak sendwòm respirativa egi sevè. JAMA Network Open (Rezo Jama ki Ouvè) 3 Novanm 2020(11):e2029256
3. DiMascio D, WAPM gwoup k ap travay sou COVID-19. Rezulta Matènèl ak Perinatal fi ki ansent ki gen yon enfeksyon avèk SARS-COV-2. Iltrason Obstetrik Jinekolojik Septanm 2020. doi: [10.1002/uog.23107](https://doi.org/10.1002/uog.23107).
4. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi. Mizajou: Karakteristik fi sentòmatik ki gen laj pou fè pitit ki gen yon enfeksyon ak SARS-CoV-2 yon laboratwa konfime dapre Eta Gwosès la - Etazini, 22 Janvye - 3 Oktòb 2020. Novanm 2020:1-7.
5. Abbasi J. COVID-19 ak Vaksen avèk Asid Ribonikleyik mesaje—Premye gwo tès pou yon nouvo apwòch. JAMA. 2020;324(12):1125–1127. doi:[10.1001/jama.2020.16866](https://doi.org/10.1001/jama.2020.16866)
6. <https://www.fda.gov/media/144245/download>
7. <https://www.cdc.gov/vaccines/acip/recs/grade/covid-19-pfizer-biontech-etr.html> (Konsilte 14 desanm 2020)
8. Deklarasyon SMFM sou vaksinasyon COVID pandan qwo sès la: <https://www.smfm.org/publications/339-society-for-maternal-fetal-medicine-smfm-statement-sars-cov-2-vaccination-in-pregnancy>
9. <https://www.acog.org/en/clinical/clinical-guidance/practice-advisory/articles/2020/12/vaccinating-Pregnant-and-Lactating-Patients-Against-COVID-19> (Accessed December 14, 2020)
10. Mutambudzi M, Niedwiedz C, Macdonald EB, et al. Pwofesyon ak risk COVID-19 grav: potansyèl etid sou yon kòwòt 120 075 patisipan Biobank Britanik (UK Biobank). *Medsin Pwofesyonèl ak anviwònmantal* Pibliye anliy an premye: 09 Desanm 2020. doi: [10.1136/oemed-2020-106731](https://doi.org/10.1136/oemed-2020-106731)
11. <https://abm.memberclicks.net/abm-state ment-considerations-for-covid-19-vaccination-in-lactation>